ELIZABETH PUBLIC SCHOOLS

Every Child, Achieving Excellence

Olga Hugelmeyer, Ed. D.
Sipèentandan Lekòl yo

10 Dawou, 2026

Chè Kominote Lekòl Piblik Elizabeth,

Nan dat 8 janvye 2026, Gouvènè a te siyen lejislasyon (P.L.2025, c.195), ki te egzije Komisyonè Edikasyon an devlope direktiv konsènan elèv k ap itilize Aparèy – entènèt (sa vle di, telefòn selilè, tablèt, mont entelijan, ak lòt aparèy pòtatif entèlijan, elatriye) epi tou mande pou chak konsèy edikasyon adopte yon politik “klòch a klòch” kidonk depi klòch la sonnen pou rantre lekòl ak lè klòch la sonnen pou lage lekòl, elèv entèdi pou itilize aparèy entènèt pandan jounen lekòl la.

An akò ak lalwa ak direktiv Depatman Edikasyon New Jersey, epi pou kenbe angajman sa a, règleman sou telefòn selilè EPS la **(EBOE Policy 6142.11)** entèdi elèv gen aksè san otorizasyon ak itilizasyon aparèy elektwonik pèsonèl pandan tout jounen lekòl la ("klòch pou klòch"). Eksepte sikonstans ki endike nan lwa a ak konsèy la, aparèy pèsonèl pa dwe itilize nenpòt ki lè pandan jounen lekòl la, ni pandan rekreyasyon, ni pandan tranzisyon pou ale nan klas.

Lwa sa a te pase kòm yon mezi pou sante piblik an repons ak enkyetid k ap grandi konsènan gwo enpak aparèy yo genyen ak twòp itilizasyon medya sosyal genyen sou adolesan. Diminye aksè nan aparèy pèsonèl ak entènèt pandan jounen lekòl la gen objektif pou sipòte aprantisaj elèv yo, amelyore nivo konsantrasyon ak ogmante opòtinite pou bon jan entèraksyon ak moun, ak kamarad ak anplwaye lekòl la.

Rete konekte ak pitit ou:
Nou rekonèt anpil fanmi te gentan abitye kominike dirèkteman ak pitit yo pandan jounen lekòl la. Pou sipòte tranzisyon sa a, nou ankouraje sa ki annapre yo:

- Nan ka ta gen yon ijans, tanpri kontakte biwo prensipal lekòl la epi anplwaye yo ap asire mesaj yo delivre san pèdi tan.
- Elèv yo kapab gen aksè nan biwo prensipal la si yo bezwen kontakte yon paran oswa moun kap ba yo swen.
- Elèv yo kapab kontinye itilize imel distri a bay pou yo kominike avèk paran yo jan sa apwopriye.

Nou konprann nouvo plan sa a ka reprezante yon chanjman nan woutin regilye elèv yo ak fanmi yo. Sepandan, li reflete yon angajman komen pou sipòte siksè akademik elèv yo, devlopman sosyal, ak byennèt jeneral.

Nan semèn kap vini yo anvan kòmansman ane lekòl 2026-2027 la, nou pral bay plis enfòmasyon ak opòtinite pou aprann plis sou plan telefòn selilè nou an, ki gen ladan yon gid referans rapid, atelye pou paran yo, ak aktivite medya sosyal. W ap kapab jwenn enfòmasyon sa a lè nou pibliye li sou sit entènèt distri nou an sou paj Resous pou Retounen nan Lekòl. (https://www.epsnj.org/students-and-families/back-to-school-parent-resources) lè w klike sou ikòn "New Cell Phone/Personal Devices Policy" a.

Nou apresye patenarya w pandan n ap aplike plan sa a epi travay ansanm pou favorize yon anviwònman aprantisaj ki chita sou konsantrasyon, byenèt epi ki bay sipò pou tout elèv yo.

Mèsi paske w ap kontinye sipòte nou.

Sensèman

Dòktè Olga Hugelmeyer